



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

**Pou Piblikasyon Imedyat:** 1ye novanm 2013

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE NOUVO PATENARYA AKADEMIK KI KONSANTRE SOU REZISTANS NAN KA SIKLÒN AK PREPARASYON POU POU SITIYASYON IJANS**

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a lansman New York State Resiliency Institute for Storms & Emergencies (NYS RISE), yon nouvo “gwoup refleksyon aplike” ki plase anba direksyon New York University ak Stony Brook University ki pral sèvi kòm yon sant rechèch ak edikasyon sou preparasyon pou sitiyaasyon ijans, ak tou kòm yon sant enfòmasyon sou sa ki konsènen move tan ak katastwòf natirèl.

Resiliency Institute la pral reyini lidè refleksyon akademik ak tou otorite gouvenman, espè nasyonal ak lidè reyaksyon nan sitiyaasyon ijans, pou mennen rechèch epi bay enfòmasyon syantifik ak resous entelektyèl ki pral mennen nan devlopman plan konplè moun ki responsab oryantasyon politik ak moun ki konsènen ka itilize pou pi byen pwoteje kominote.

“Sipè Ouragan Sandy, Siklòn Irene ak Tanpèt Twopikal Lee te aprann nou anpil leson pandan twa ane ki sot pase yo, men pi gwo leson an se nou gen anpil pou n aprann sou klima kap chanje epi nou pa ka prevwa jounen jodi a,” te deklare Gouvènè Cuomo. “Se pou sa n ap lanse New York State Resiliency Institute for Storms and Emergencies. NY RISE pral reyini plizyè nan tòp inivèsite eta nou yo pou sèvi kòm yon gwoup refleksyon pou rechèch ak edikasyon nivo mondyal sou move tan ak preparasyon pou sitiyaasyon ijans. N ap reyini tòp lidè akademik, espè ijans ak sekouris atravè tout nasyon an pou devlope estrateji pou reyalize yon sèl objektif - ki se pi byen pwoteje kominote New York nan katastwòf natirèl.”

Resiliency Institute la pral sèvi kòm yon referans atravè tout eta a pou moun ki responsab oryantasyon politik ak pou sekouris nan sitiyaasyon ijans, kap bay analiz detaye pou eklere desizyon enpòtan anpil anvan, pandan ak apre move tan. Resiliency Institute la pral ankouraje yon anviwonman devlopman lidèchip ak konesans eklere sou sa ki gen pou wè ak jesyon ris ki genyen nan siklòn; bay sèvis espè pou ede ajans nan pote ak evalye rezistans nan modèl ekosistèm ak infrastrukti, operasyon, ak investisman; epi devlope platfòm pou transfòmasyon previzyon pou yo vin mezi adaptasyon. Apwòch NYS RISE la pral akselere pasaj rechèch nan aplikasyon pou garanti preparasyon pou move tan, pou yo ka reyalize objektif yon New York pi rezistan.

Haitian Creole

Pwojè Resiliency Institute la pral gen ladan yo devlopman yon plan entèvansyon rapid pou pwoteksyon kont fiti siklòn move tan; kreyasyon pwopozisyon pou kontinye ranfòse enfrastrikti New York; idantifikasyon zòn ki espoze nan move tan; ak planifikasyon sou yon bon bout tan pou ris siklòn akòz chanjman klima.

Anplis NYU ak Stony Brook University, lòt patenè yo se Columbia University, Cornell University, City University of New York ak Brookhaven National Laboratory.

Rektè SUNY, Nancy L. Zimpher, te di konsa, “Inisyativ NYS RISE la pral pèmèt New York pran devan move tan alavni epi pi byen pwoteje ak rekonstwi kominote nou yo apre evenman sa yo. Apwòch tèt ansanm sou baz enfòmasyon reyini pi gwo atou, resous ak espè New York epi pozisyon eta nou an pou idantifye ak itilize inovasyon ak metòd preparasyon pi efikas yo pou lavni. SUNY fyè pou l fè pati patenarya enpòtan sa ki pral pèmèt tout moun New York rete vijilan.”

Prezidan Stony Brook University a, Samuel L. Stanley Jr, MD., te di konsa, “Depi nan Siklòn Sandy rive nan gwo inondasyon nan rejyon nò, Eta New York ap viv katastwòf natirèl ak sitiyasyon ijans istorik - ki mete andanje ak pran lavi, detwi byen, epi gen move konsekans sou yon ekonomi kap remanbre. NYS RISE se yon kolaborasyon chèchè ki, atravè vizyon Gouvènè a, pral ede nou konprann pi byen gwo siklòn ak efè yo sou kòt ak enfrastrikti nou yo, epi sa ki pi enpòtan, idantifye nouvo fason pou pwoteje lavi ak byen moun. Atravè School of Marine and Atmospheric Sciences, Stony Brook University espere kolabore ak NYU ak kèk nan pi gwo enstitisyon rechèch rejyon an pou pote rechèch ak konsepsyon pou ede Eta New York rekonstwi epi pwoteje tèt li kont siklòn ki gen pou vini yo.”

Doktè Katepalli Sreenivasan, Prezidan Polytechnic Institute of New York University, te di konsa, “Nou fyè dèske nou se yon patenè nan pwojè piblik-prive sa ki pral sèvi kòm yon sant rechèch ak edikasyon sou preparasyon ak kapasite pou kenbe sou kòt yo. Nan yon moman kote New York vreman santi efè devastatè move tan, New York State Resiliency Institute for Storm & Emergencies pral ede prepare rejyon nou an pou chanjman klima sou yon bon bout tan, epi fè nou vinn yon vil pi rezistan nan siklòn ak inondasyon.”

David Skorton, Prezidan Cornell University, te di konsa, “Pa gen travay ki pi enpòtan pase pwoteje moun nan eta nou an, epi Cornell kontan dèske li se yon patenè nan NYS RISE. Kokenn fòs nou genyen nan jeni pral ede New York vin yon lidè nan preparasyon ak retablisman apre siklòn, epi aktivite Cornell nan tout eta a pèmèt nou pote èd tout kote yo bezwen nou.”

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418